# ГЬУ Д РУЖБА / ДУЛЛЪИ

№4-5 (10087-10088) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 31 января 2020 / Рузман


## К 75-летию Победы в Великой Отечественной войны




## Уважаемые жители Ботлихского района!

Районная газета «Дружба-Гьудуллъи» на своих страницах запускает серию публикаций под рубрикой «Лица Победы», где будут опубликованы истории жизни наших ветеранов и участников Великой Отечественной войны.

Эти статьи направлены на сохранение памяти о каждом, кто внес свой вклад в Победу.
В каждой семье хранят память о своих родственниках и близких, которые воевали на фронте или работали в тылу.

Их лица и имена должны стать достоянием сегодняшних и будущих поколений!

Убедительная просьба, если у кого дома сохранились, хоть какие-то письма, похоронки или фотографии военных лет, просим предоставить их в редакцию для публикации в газете.

Обязуемся после публикаций вернуть эти материалы в целости и в сохранности.

*КIудияб Бергьенлъиялъ -75 сон тIубаялде*

# Бадрудин-афандил рагъулаб нух



ХъахIилаб зодиб басандулеб багIарбакъ, бакъ гIадаб гьурмада гьимиги кунчIун, гIанчIго басандулеб лъимер: цIамгIалаб магIица бералги чурун, «Вореха, дир гьудул, Бадрудинил тIалаб гьабе, вореха гьев къварид гьавуге», - абун ахIи балей, хвалил бусада йигей лъади.

Гьединаб букIана гIумрудул цо къо Болъихъ росулъа ГIабдулкъадирил. Эбелалъ инсуда аманат гьабун толев, Бадрудинил г1умрудул доб мехалда букIана гIицIго щуго сон. Ва инсуца васасе тIаса бищана, жиндилъ баркат камилаб, ГIелмуялъул нух.

ГьитIинаб къоялдаса нахъе мадугьалихъ ругел: АнсалтIа, Шодрода, ТIандо ва цогидалги росабалъ гIелму лъазабизе мутагIиллъун витIана гьес вас. Къойилго гIадин хьвадулаан эмен гьесда хадув, васасе къваригIараб-тараб, хIажатаб аскIоб чIезабизе. Жиндир ракI бацIцIалъиялъул нуралъ цIурав Бадрудиница «Эмен, щибго бачIунге, гьанир ругел лъималазул гьединаб рес гьечIо, бокьун гьечIо гьел дида цере нечезе», - ян абулаан.

«Гуро, дарман, гьезие гIурабги чIезабила дица» - ян, гьурмада гурхIелалъул асаргун, васасул ракI батизабулаан ГIабдулкъадирицаги.

Гьединан гIелмуги цIалулаго, лъимерлъиги ун, кIудияв гIедал Бадрудиница жиндирго гIумру бухьана Къохъ росулъа тIаса бищараб тухумалъул ясгун. ГьитIинго камурай эбелалъухъ урхьун бугеб рекIеда бихьизе хъван батана, доб заманалда, вабаъ унти гIадин, Дагъистаналде тIаде бачIараб репрессиялъул балагь. Вачун ана эмен. Заманго иналде, тIолабго совет халкъалъе кIудияб ками босун, тIаде щвана КIудияб ВатIанияб Рагъул къаби. 1942 соналъ, гIагарлъиялъул бихьиназда цадахъ рагъул коронив живги вукIине кколин абун, Бадрудиницаги фронталде ине гIамал гьабуна.

Мун гьитIинав чиги вугин, мунгIаги рокъов вукIаян гьаридал, «Жакъа, гIагарал чагIазда цадахъги вахьинчIого, метер цогидалгунищ дун инев?» - абун, жиндирго гали инсуца нахъе босун гьечIилан ракIалдещвеязул гъамас рагьана гьесул ясе Хадижатица.

Инсуца бицунаан… «Рагъда вукIадго, гьоркьан хIатIазул унтиялъ, вилълъанхъизе захIмалъун, бажаруларого вукIунаанин дун. Босун, мугъзада тункун бачIунаан нахъасан: « Щиб, кулакасул вас, лъутизехъинищ вугев?» - абун.

Гьеб къоялда вугев дир инсуца эбелалъухъе хъван буго: «Хирияй, гьадинаб гIузру буго дир черхалда тIад. Къохъ росулъеги ун, АхIмадхIажиде бице дир бугеб хIалалъул» - абун. Нижер эбел рокъое жание ячIигун, АхIмадхIажица абун буго: «Кинабго лъикI букIине буго, дир яс, мун парахат тIад юсса».

Инсуца бицунаан: «Дида эбел АхIмадхIажихъе щвей лъана, битIахъего носоца къотIараб киннигин, хIатIазул унти нахъе ана. Новороссийскиялда рагъулаб гьужумазулъ гIахьаллъи гьабуна, Сталинградалъул рагъулъе гьоркьове ккечIого, рагIаллъуда хутIана, хIарщулъ къан батараб картошка кванан, кутакаб ракъи бихьун унел рукIана рагъул къоялгун сардал. Дир тIалаб рехун течIого боржунеб жодул гурони гьан кваназе толарин дица вацасда» - абун, ахириябги дие кьезе, кидаго хьолбохъ ватулаан дир рагъулав гьудул, дир тIул бикьарав ва дир кIудияв вац МухIамад» - абун бадиб магIу ххулулаан инсул.

Инсуца абулаан: «Цо нухалъ ГьоцIалъа гьалмагъги дунги окружениялде ккун рукIана. Гьеб букIана хаслихълъиялъул гIуж. Щенон балеб цIад. Цояс-цоясул хIатIалги хинлъизарун саломалда гьоркъ, балеб цIадакь, немцазул калам къотIизегIан, кьерун чIун рукIана ниж.

РакIалъ ахIулеб букIана:

**Гьал халатал сардал, захIматал къоял,**

**Кидадай лъугIинел, гьардарав Аллагь!**

**Гьава къотIун унев багIарав летчик,**

**Бергьенлъиги босун нахъ вуссинарищ…**

Инсуца бицунаан:

«Цо нухалъ госпиталалде ккун вукIана дун. «Кадыров!» - абун ахIидал, дицаги цогидасги цадахъго кьуна жаваб «Я» абун.

Нуж вацалищ абун цIехана нижеда. У- ян жаваб кьуна кIиясго. Гьедин батани, ратIа гьариларинги абун, аскIоб кIиго койкаялда бакI гьабуна нижее. Гьев вукIана чачанав. Гьес кидаго дие толаан апельсин, жиндие гьеб бокьуларин абун. Хьал бахьун кваналев дун вихьидал гьес цIехана.

-Дуца гьабулеб щиб?

-БацIцIунев вуго, кваназе.

-ВахI, гьедин кваналеб жойищ гьеб?

-Уха, -я н жаваб кьуна дица.

-Бихьея, цо хIалбихьизе, вахI, гьаб цIакьаб жо букIун буго гурищ, - абун хIикмалъана гьев.

Инсуца бицунаан:

«ГIемер цIогь букIунаан казармаялда. Рахьун чIезарулаан рагъухъаби цIогьор валагьизе, чIухь базе абун. Амма кидаго дун гьезда аскIов вахъинавулароан.

Дица цIехана: «Дида щай чIухь балареб, дир щай хал гьабулареб?» - абун.

«Мун гIадав вацIцIадав, иман бугев чиясулгийищ хал гьабизе кколеб, гуро, мун гьединаздасан гьечIо», - ян жаваб гьабун толаан гьез дун.

Инсуца бицунаан:

«ЦIа борхьараб рагъулъ вугониги, дица как борчIизе течIо, рагъухъабазе рекIелъан хIинкъи тIагIине абун, гьекъезе бикьулеб букIараб чагъир дица, каки чуризе, лъехъ хисулаан. Гьужумалъулъ гIахьаллъулелъулги, ишараялъ банги, какги бачIого толароан.

Инсуца бицунаан:

«Севастополалъул ракьалда, ЧIегIераб ралъдал рагIалда посталда вукIана дун. Цо заманалда зодоре кьвагьулел салюталги доре-гьанире рекерулел рагъухъабиги рихьана. Гьаб щиб хIикмалъиян ракIалде ккейгун, «Победа!» «Победа!» - ян ахIиги бахьана. Дун рокъове жаниве кIанцIун ана, «Победа!» ян ахIулаго. Гьеле бищун роххараб къо доб рагъулъ.

Инсуца бицунаан:

- Рагъ лъугIун тIасиял къояз, командирас дун жиндихъего ахIана.

-Гьа-ха, Бадрудин, щиб дуда макьилъ бихьараб?

-Дида бихьана , дун гIагараб росулъе воржун унев.

-Гьедин ккезеги буго, - ян дидаги абун, гьес аскIовеги ахIун: «Ваче гьав складалде ва, гьас тIаса бищараб, кIиго формаги кье гьасие,- абун буюрана кумекчиясде.

Ниж складалде щвана, дица берцин бихьараб ратIлиде килищ битIана. Гьеб форма офицерасул бугин абуна дов васас.

- ТIаса бищараб, гьес килищ битIараб форма гьесул буго, янабуна командирас.

Гьединан, ункъо нухалъ, лъукъун госпиталалдеги ккун, амма АльхIамдулиллагь, чIаго тIад вуссун вачIана дир эмен КIудияб ВатIанияб Рагъдаса. ХIалтIана колхозалда счетоводлъун, больницаялда завхозлъун, банкалда кассирлъун. Кив хIалтIаниги инсуца бихьизабуна жавабчилъиги рацIцIалъиги.

Цо нухалъ инсуца саназде яхинчIей кIудияй яс ячун йиго, колхозалъе бакIарун кьолеб, цIулакьо бищизе. ТIасияб къоялъ дир яц, добго нухдасан ун, дангъура цIураб цIулакьоги бакIарун, рокъое ячIун йиго. Инсуца, кверги ккун, цадахъ ячун, щибаб цIулакьо жиб-жиб гьотIода гьоркь лъезе тIамун йиго.

Эмен мустахIикълъана кассиразда гьоркьов хIурматияб («Первый отличник Дагестана» абураб цIаралъеги.

Инсуца абулаан:

**«Дудаго тIад бугеб фарз тIубан хадуб,**

**ТIокIлъи гьабичIого, агьлу тIобитIе,**

**Агьлу мугьманго тун, гьабураб гIамал,**

**КигIан гьабуниги, гIадада буго.**

Кутакалдаса рокьулаан инсуе гьалбал. Гьел камураб къоги нижер рокъоб букIунароан.

Гьодобериве гьоболлъухъ арав инсуе сайгъат гьабун бугоан гIелмияб тIехь. Чуги тIамун, тIехьги цIалулаго, росулъе вачIунев инсуда, живго рукъалъул азбаралде щун ватун вуго, тIехь цIалун бахьиналде. Гьелдаса хадув, тIарикъаталде ракI цIарав эмен, вирд босизе ун вуго. Доб заманалда устар вачIун вукIун вуго Болъихъе, ва базаралъул гохIда рукъалъги вукIун вуго муридзаби къабул гьарулев.

КIудияб очереди батун, щвеладай жакъа жинде ирга абун, пикрабалъ вугев дир эмен, устарас, цIарги ахIун, жаниве вакIарун вуго ва, бачIинахъего, накъшубандияб вирдги кьун буго.

1984 соналда Хочадасев Меселасул МухIамад-афандияс накъшубандияб ва шазалияб тIарикъатазул устарасул иджаза кьуна Бадрудин-афандиясе.Гьеб кьей тасдикъ гьабуна накъшубандияб ва шазалияб тIарикъаталъул шайихзабазул къутIбу шейхустар СагIдулхIажиясул МухIамад-афандияс. Гьелдаса хадуб 1987 соналде щвезегIан Дагъистаналъул муридзаби вирд босизе рачIунаан Бадрудин-афандиясухъе.

СагIид-афандияс устарлъиялъул иш тIубазе байбихьаралдаса гьел кIийиде рикьана, ай Бадрудин-афандиясухъ хутIана тIадмагIарул районал.

Диналда хадуб хал ккураб замана букIиналъ, цо пуланаб къоялъ эмен ахIун ун вуго. «Рагъул ветеранги вугин мун, дуе хIинкъи гьечIин»- абун буго данде ккарав росулъес.

Жаниве лъугьигун гьесда цIехон буго къватIиса вачIарав чияс: «Дуда Болъихъа устIар лъалищ?» - абун. «ЦIулал устарищ яги хьитазулищ?»- абун жаваб гьабун буго инсуца, щибго жо бичIчIичIеб хIисабги гьабун.

Щибаб къойил гьесухъе вирд босизе рачIунезул къадар 10-ялдаса гьоркье ккolaроан. Цо-цо къоялдайин абуни 100-200 ялдеги бахунаан гьезул къадар. Азербаджаналъул Закаталаялдасагицин рачIунаан гьесухъе вирд босизе гIадамал. Херал, гьоркь хутIарал гIадамазухъе хIатта къватIисел райондаздегицин живго унаан эмен, цадахъ дунги ячун.

«Щай, эмен, дуе гьаб захIмалъиялда гьениве хьвадун, жалго рач1ине лъик1аб гьечIищ гьезие? – ян абидал, «Дир яс, дихъе рач1ани гьезие кири букIуна, гьезухъе ани дие кири щола» - ян жаваб кьолаго гьимулаан эмен.

43 соналъ щибаб къойил, цIад - гIазуялъул хал гьабичIого, дир эмен хьвадулаан эбелалъул хабаде.

Цо пуланаб къоялъ инсуца, дун аскIоеги ахIун, дида цIехана.

-Хадижат, жакъа щиб къо?

-Щамат къо буго, эмен.

-АрбагI къоялъ дун вукIина эбелалъул корчIинив.

Гьединан, унеб къоги бицун, 2003 соналъул 7 маялъ, сардил гIужалда, итни къоялъ къокъана дир эмен абадияб рокъове.

Аллагьас нилъ гьесул баракат камун тогеги.

Амин.

**ГI.МухIамадова**

# ЯЦАЛЪУЛ РЕКIЕЛ УГЬДИ...



Рагъул гIахьалчагIазул сияхIалъул хал гьабулаго, дида гьениб батана кIудияй эбелалъул имгIал Гереев МухIамадил цIарги.

Цо хассаб асар гьабуна рекIее гьеб цIаралъ ва дица сапар бухьана, ункъойилъа жиндир санал арай, Гереев МухIамадил тIул бикьарай яц Гереева Хадижатихъе. Дида гьей ятана хинаб рокьой мангидаги кIусун гордухъан къватIие балагьун.

-Щиб буго, ада, пикрабазулъ тIерхьунищ йигей?

- Дирго араб гIумрудул хIисаб гьабулей йигоха, дир яс.

-Гьебго суалалъха, ада, дунги ячIун йикIарай. Дур вацасул цIар батана рагъул ветераназул сияхIалда. Бокьилаан бицине гьесул хIакъалъулъ, ракIалда батани…

«Йилълъа цееса! РакIалдаса унев чийищ вац вукIунев? Гьадаб гордухъа къватIие балагьидал, дида цебе тIамула араб гIумру. ТIогьол авлахъалда бугеб тагьиялъул гIадаб аваданаб лъимерлъи букIана нижер. Кутакалда хирияв рукIана дунги вацги цоцае. ГIанчIаб релъиялъги, махсаро-хочIалъулаб каламалъги, канаб бакъуца гIадин, канлъи кьолаан гьес нижер гIумруялъе. Дун хIалтIи гьабулей йигони, кидаго вахъунаан кумек гьабизе. Жиндиего щвараб чакаралъул кесекцин бекун дие кьолаан.

РакIалдаго гьечIого пирхараб пири гIадин, СССРалда тIаде бачIана КIудияб ВатIанияб рагъ. Росдал гIолохъабигун цадахъ дир гIазизав вац МухIамадги ана рагъде.. Эбелинсуе икрам гьабун, дида къвал балаго, вацас абуна: «Дир хирияй, тIул бикьарай яц. Гьаб рагъдаса дун тIад вуссинчIого вукIинеги бегьула, дуца дие дугIаби гьаре. Дун хванилан рисалат бачIани, сабруялда рукIа. Нагагь чIаго рокъове тIад вуссани, азбаралда лъугьаравго тIоцее мун йихьизеги бокьилаан дие, дир хирияй яц. Вореха, щиб кканиги, кин кканиги кIочонге, дун мунгун вуго».

- Рагъ байбихьилалде цее йокьун ячарай лъадуе къо-лъикIги гьабун, кьокьана дир вац рагъде. ЗахIматаб заман рештIана нижеда тIаде. Рокъоб бугеб хасалил партал ва хIатта квен-тIехги гIадамаз рагъде битIулеб букIана ВатIан тушманасул кверщаликьан эркен гьабизе гIоло рагъулел советиял рагъухъабазе.МацIалда вацасул цIаргун щибаб сагIаталъ магIу тIолей хутIана дун.

Гьединан сверана чанго сон. Цо къоялъ, годекIанире гIадамалги ракIарун, рагъухъабазул чапараз рехсана асирлъуда ккаразул цIарал. Гьезда гьорлъ абулеб рагIана дир вацасул цIарги. Дир рекIелъ цIадул хеч чIвараб гIадаб асар лъугьана. Чорхолъа рухI босун ана, ва, хIал хисун, дун гIодой ккана. Сородулел квераз бухIараб магIуги бацIцIун, дун зодое ялагьана ва гьадин абуна: «Гьалеха, дир вац, гьединищха ккараб дур къисмат? КъотIи батIияб букIана гурищ нилъер!

Гьеб хабар лъан, квеш лъугьарай дун больницаялде хъамун ятана. Лъавуде ячIидалги, щибаб лахIзаталъ дица бахъулаан вацасул цIар, дие рухIгIан хирияв вац асирлъуде ккей дие цIакъ захIмалъана…

Цо къоялъ, гIодун свакарал берал рагьулаго, гьоркьохъеб лага-черхалъул, кверзул килщал рухIарав, бох лъукъун, кIиго тIилгун вачIунев чиясул сурат чIана дида цебе.

-Гьав дир вац! Дир хирияв, гIагарав вац! – абун дун гьеседа габуний хурхана.

-Щиб ккараб, дир яц? – ан, жавабги гьабулаго, дир бадиса магIу бацIцIана гьес.

- Нижер асирлъуде ккараб мехалъ, - ан бицана вацас заманалдасан, - фашистазда лъалеб букIана нижеца лъутизе хIалбихьизе букIин. Гьединлъидал, жидерго кванил тIагIам бахъичIого букIине, гьез нуцIида тIад кьвагьулеб ярагъ лъун бугоан. НуцIа рагьизе хIалбихьарабго, ярагъ кьвагьана. Рагьараб нуцIихъан ниж къватIире кIанцIана ва рохьоре ралагьун рекерана. Хадуб ккараб лъаларо, ва лъавуде вачIараб мехалъ дун нилъеразулго госпиталалда ватана. Гьенисан рокьове витIана.

Дир роххалие гIорхъи букIинчIо вацги чIаго вихьун. Цоги роххел букIана нижер рекIелъ – нилъерал рагъда бергьана. БачIана эркенаб заман…

Рагъ лъугIун хадуб вацас гьабуна хъизан. Гьезие гьавуна васги.

Дирго рос Салатгерей, тIад вуссун гIемер санал инчIого, Аллагьасул къадаралде щвана

Хвел гIагарлъулеблъи лъарав, МухIамадица вацазда гьарана бесдал хутIулев вугев жиндир вас, тарбия кьун, битIараб нухдаса вачеян…

Адал харбихъ гIенеккарай дир бадисан чваххулеб букIана магIу…

Я, Аллагь бихьизе хъван батугеги рагъул кьогIлъиги, чохьол бухIиги ва бесдалзабазул захIматаб къисматги.

**М. МухIамадова**

# ОМАРОВ МАГОМЕДГАДЖИ ОМАРОВИЧ



Родился Магомедгаджи Омаров в 1916 году в селении Ботлих Андийского округа в семье крестьянина. Он был трудолюбивым и физически крепким юношей.

Будучи патриотом, Магомедгаджи страстно желал служить в армии. Решив реализовать свое намерение, он обращается с заявлением в райвоенкомат об отправке его в ряды РВК.

С 1938 года служил в рядах РККА. В армии он успешно окончил курсы связистов. С начала Великой Отечественной войны, Омаров Магомедгаджи попал на Ленинградский фронт, в 195 отдельно кабельно-линейный батальон. Можно много хорошего рассказывать о замечательном человеке, который защищал Ленинград в те страшные блокадные дни.

История не знает выше подвига, чем подвиг несгибаемого Ленинграда: 900 дней и ночей блокады, великой боли, но вместе с тем и неугасаемой Надежды и Веры в Победу.

Наши солдаты помогали ленинградцам всем, чем могли. Не мог без слёз рассказывать ветеран о том, как дети, женщины и старики от голода и холода падали в обморок. Солдаты, увидев это, отдавали им свои пайки.

**Он вспоминал**: «…на войне каждый день был памятным, и, казалось, никогда они не забудутся. Но время лечит все боли и горести: с годами многое стирается с памяти, но битва за Ленинград запомнилась на всю жизнь. Горели земля и небо, был жестокий голод, на каждой улице – трупы. Но героическими усилием советского народа и бойцов Красной армии город был освобождён от блокады».

Магомедгаджи Омаров прожил долгую и счастливую жизнь. За мужество, проявленное на фронтах Великой Отечественной войны, он был награждён медалями: «За отвагу», «За освобождение Ленинграда», «Жукова», «За победу над Германией», «За победу над Японией»,.

В тяжелое послевоенное время он в течение 15 лет работал в районном узле связи, а затем со своей женой Загрой трудился в колхозе.

Магомедгаджи и Загра Омаровы вырастили и воспитали двух сыновей, у которых есть свои семьи и дети. Внуки очень гордятся дедом и стараются быть достойными его памяти.

**ЗАВЕЩАНИЕ ПОТОМКАМ**

(из воспоминаний фронтовика Омарова Магомедгаджи)

**Магомедгаджи Омаров рассказывал:**

«Войну я встретил в Ленинграде. Город был охвачен паникой. Вокзалы были забиты людьми. Немецкие шпионы сеяли панику, распространяли слухи о скорой гибели Ленинграда. 900 дней и ночей город на Неве находился в блокаде. Фашисты обрушили на него сотни тысяч бомб и снарядов. Свыше 650 тысяч ленинградцев погибли холодной и голодной смертью. Каждый третий дом в городе был разрушен. Я видел как сражался Ленинград, как умирали люди. Ни голод, ни холод, ни обстрелы и бомбежки ничто не смогло сломить Волю и Дух советских людей. Ленинград не только выстоял, но и победил, остался единственным среди крупных городов Европы, куда не вошли завоеватели. В январе 1943 года нашим войскам удалось прорвать блокаду, а зимой 1944 года фашистские полчища были разгромлены, и остатки войск, удерживавшие Ленинград в осаде, отброшены далеко на запад.

Как очевидец Ленинградской блокады, я сегодня с высоты своего 88 летнего возраста хочу сказать: только мужественные, сильные духом и преданные Родине люди могли выдержать то, вынесли их отцы и деды. Советские люди воевали не щадя себя за свободу и независимость нашей Великой страны. Мне выпало нелегкое испытание разделить тяготы ленинградцев, а затем и освобождать Прибалтику.

Весть о победе застала меня в Таллине. Много времени прошло с тех пор, но те, кто воевал с фашизмом не забыли звериный оскал «коричневой чумы». И я, как участник той войны, желаю молодым людям никогда не испытывать ужасов войны, того что пришлось пережить моему поколению.

Завещаю беречь Мир, Единству и Дружбу народов. Победа и Независимость нашей стране досталось Дорогой ценой. Это не должны забывать не только мы, но и бывшие союзники.

И еще: нынешнее поколение должны помнить тех, тех, кто погиб на полях сражений, кто восстанавливал и развивал народное хозяйство и, конечно же, ветеранов, которые нуждаются в помощи, внимании, заботе и в теплом слове».

**М. МухIамадова**

# РАГЪУЛ ГЬУДУЛАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ РАГIИ



«РахIму гьечIеб, гучаб рагъ унеб букIана Сталинградалда. К1к1уйдулъ босун, чIегIерлъун букIана сверухълъиго. ТIубанго рахан букIана фашистаз нилъер аскаралъеги тIаде бачIунеб кумекалъеги нух. Ц1ц1адлъун ралел гуллбузда гъоркь хъурщун церехун унел рукIана ниж. Дун лъукъун вукIана, гIемераб би чвахана ва загIиплъана черх. Дие кумек гьабизе хIаракат бахъарав лъабавго солдат чIван лъуна. ГIумруялдаги хвалдаги гъоркьов вукIана дун. Дица цевехун туркIизе гIамал гьабуни, дир горсвериялда тункIил гуллби расандизарулаан немцазул снайперас. Лъавудаса арав дун, лъавуде вачIиндал, къечон ватана , ракъван ругоан кIутIбиги шекъерги. Дир кверал цо лъамалъиялда жанир ругоан, лъим бугин абун, дица гьелъ кIутIби риччизаруна, амма ц1амг1алаб тIагIам батана. ХIалицаго бетIер борхун, балагьидал чIваразул бидуца лъалъан бугоан сверухълъи. ТIубан хьулго къотIун букIана хвасарлъиялде. Лъаларо кисан бачIараб кумек, кинан батараб нух, амма, гIемер рикIкIада гьечIеб танкалда нахъа вахчизе хъурщулаго, жиндирго мугъзадаги чIван ваччана дун Мурадов МухIамадица.

Сталинградалъул рагъазулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев мустахIикълъана «За отвагу» медалалъе. Гьеб гIассияб рагъда Мух1амад вукIана лъукъунги. МоцI бана госпиталалда. Хадуб гIахьаллъи гьабуна Белгород, Брянск, Витебск, Прибалтика, Польшаялда рукIарал гъужумазульги. Щибаб гъужумазулъ цевеса-цеве унаго 1945 соналъул ихдалил гIужалъ гьев вукIана Берлиналде тIоцере щваразул къокъаялда гъорлъги ва гIахьаллъиги гьабуна фашистияб Германиялъул тахшагьар бахъулеб гъужумалъулъги.

Живго Сталинил гъулбас бугеб грамотаги буго гьесул рокъоб.

Гьеле гьединав чи вукIана нужер эмен» - абун бицана 2015 соналъул 9 маялъ инсул рагъулав гьудул ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъа Халидов Халидица.

Дир эмен хIалтIана гIагараб росулъ, АнсалтIа ва МигIарсо росабазул школазда учительлъун, парторглъун, библиотекаялъул заведующийлъун. Гьес кидаго гьабулаан росдал гIумрудулъ хIаракатаб гIахьаллъи.

1984 соналъул сентябрь моцIалъ эмен Абадияб рокъове ана. Инсухъ гIашикъал нижер ракIазе щивав рагъул ветеран, нижерго эмен гIадин, гIагаравги вуго.

Инсул бахIарчилъиялъулги гIаданлъиялъулги бицен раг1идал ч1ух1иги рехула рек1елъе. Амма живго инсуца Сталинградалъул ва КIудияб ВатIанияб рагъул бицен ккедал абулаан: «Дида, Сталинградалдаса хадуб, цIаги, гуллбиги, чIварал гIадамалги, чIунтараб шагьарги гуреб бат1ияб жо ракIалда гьечIо» - абун.

## Анкьго немцалгун тIад руссана

«ВатIаналда цебе тIадаб борч борхизе дун ахIана 1940 соналъ. Рагъулаб хъулухъ байбихьана Выборг шагьаралда, ц1ар раг1араб 225 – абилеб кьвагьдохъабазул дивизиялда. Гьенив вукIадго лъана дида рагъ байбихьун букIин. БачIинахъего, ай рагъул тIоцересел къояцаго бихьизабуна нилъер армиялъ унго-унгояб бахIарчилъиги, къохIехьейги, ВатIаналде бугеб рокьиги. Амма къуват бащадаб букIинчIо. Цевеса-цеве ун, риххизарулаго шагьаралгун, т1олаго биялгун тушман гIагарлъана Ленинградалде. Нижер полк реххана гьеб шагьар цIунизе. ГIассияб рагъ унеб букIана гьениб, ракьул щибаб цедер цIунун рухI кьолеб букIана совет солдатас. Гьел цIа боркьарал рагъазулъ дида цадахъ рукIана ракьцоял М. ГIумаровги Х. ИсмагIиловги.

Цо нухалъ нижер ротаялдаса 25 рагъухъан вищана разведкаялде витIизе абун. Гьезда гъорлъе ккана дунги. Нижеца бахине кколаан Ладога абураб хIор. КIудияв лейтенант Васильевасул нухмалъиялда гъоркь, немцазул окопазде гIагарлъана ниж. Байбихьана тункIазул кьвагьа-гIанхъи. Нижеца гъужум гьабулеб букIана немцазде тIаде. Гьеб гъужумалъул лъик1ал хIасилалги ккана.

Анкьго немцавги асир гьавун, гьезухъан ярагъги бахъун, ниж тIад руссана. Лъукъарал рукIана нижер, амма, хун чи тIаса ками-ч1о.

Гьединго, гIахьаллъи гьабуна Харьков, Белгород, Воронеж шагьаразда рукIарал рагъазулъги. Шагьаралда хадуб шагьарги эркен гьабулаго, унеб букIана нижер дивизия цебехун. Фашистазул квершаликьа тархъан гьабуна гIицIго нилъер улка гуребги Румыния ва Венгрия улкабиги. Будапешталъул рагъазулъ 1944 соналъ лъукъарав дун вегизавуна рагъулаб госпиталалда, гьенисан рокъовеги вит1ана.

ВатIаналда цебе дидаго тIадаб борч тIубанин абун «Орден Красной Звезды» карандаги бан, г1емерал медалаз керенги къачIан кIодоги гьавуна.

Аллагьас бихьизе хъван батугеги нилъеда рагъ. Амма, къо ккани, тIоцебесеб кьерда вахъинеги ВатIаналъе рухI кьезеги хIадуравги вуго дун. Гьебго васигат дир ракьцояздеги буго», - ян ракIалде щвезабулаан РахатIа росулъа ГIабдулкъадир Закарикаевас.

**ГI. МухIамадова**

## КВЕШАБ НАХЪЕ КЪАЗАБУН, ЛЪИКIЛЪИ ГIАГАРДА ТАРАВ



КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда гIадамазе жидер пайда букIарал, щивав солдатасе кумек гьабизе гIедерал, ракI бацIцIадал, гIаданлъи чорхолъ бессарал, гIагараб ракьалъе ва рокьулезе гIоло рухI кьезе хIадурал бахIарзазда гьоркьов вукIана Сулайманил МухIамадил вас ХIажиявги (Сулайманил ХIажо).

Гьев гьавуна 1891 соналъ Болъихъ росулъ. ГьитIинго хIалтIи-пиша бокьиялдаги куцарав, лъикIаб тарбияги щварав, гIолилавлъун вукIана гьев.

Гьасул эмен - Сулайманил МухIамадил, ХIажиявги малъун, рукIана щуго лъимал. ХIажиясул 14 сон бараб мехалъ хвана гьезул эмен, гьитIинго ятимлъи бихьарал вацал-яцазул ва, рос хун чара тIагIарай, эбелалъул тIалаб гьаби гьасда тIаде ккана.

ХIажияв вукIана Советияб власть гIуцIцIиялъул цевехъанлъунги, гьеб гIуцIцIиялъеги гьес гIемер кумек гьабуна.

Гьабулеб иш ракIбацIцIадго, мухIканго тIубалеб букIун ва гьесул хIалтIудехун бугеб бажари бихьун, 1935 соналъ ХIажияв тIамуна колхозалъул нухмалъулевлъун. ХIалтIи лъикI гьабулеб букIиналъ, 1937 соналъ, цевехъан хIисабалда, гьев Москваялде ВДНХялде витIана.

Гьединго ХIажияс хIалтIи гьабуна диналъул бичIчIи бугел гIадамал районалда гIемерлъиялъе гIологи. Гьес гьабулаан гIисиназеги чIахIиязеги вагIза-насихIатал, бичIчIизабулаан вацлъи - яцлъи, къадру - намус, рекъел ва жидедаго гьоркьоб гьуинлъи цIунизе кколеблъи.

1941 соналъ ракIалдаго гьечIого байбихьараб ВатIанияб рагъде ахIана ХIажиясул вац Бурагъанги. Сулайманил ХIажоги тылалда х1алт1изе тана ригь арав чи х1исабалда.

Гьеб рагъда камуна гьезие цояв вац.

Рагъ лъугIун хадуб, халкъалъ ХIажияв вищана правлениялъул членлъун ва лъуна росдал г1аммаб магIишаталъул председательлъун. ГIисинал лъималазеги цIакъ вокьулаан гьев ва гьес бицунеб хабар.

Сулейманил ХIажол хъизаналда рукIана кIиго лъимер: васги ясги. АнцIила микьиде вахараб мехалъ гьесул вас Аллагьасул къадаралде щола. Цо хутIарай ясги гьелъул лъималги рукIана ХIажиясе рекIелгъейлъун.

ХIажиясул ясалъул яс ПатIиматил ракIалде щвеялдаса:

*Нижер кIудада вукIана кинабго рахъалъ хъизаналъе кIвар кьурав чилъун. Къварилъи - гIатIилъи ккараб мехалъ, кIудияв эмен кидаго ватулаан аскIов кумекалъе ва ракI батиялъе, яги роххел гIахьал гьабиялъе.

*КIудадаца кIудияб кIвар кьолеб букIана язихъал, мискинал, ятимлъарал гIадамазе кумек гьабиялде, гьезие малъа-хъваял гьариялде.

*ГохIда кIудадада аскIоре рач1ун кидаго гIадамал ратулел рукIана, кIудадал гIакъилал харбаз, цебесеб заманалъул хIакъалъулъ къисабаз киназулго ракIал хIайран гьарулаан.

*КIудадаца рек1ее к1удияб асар гьабуледухъ Къуръан цIалулаан. Гьесда лъикI лъалаан гIажам хъвайхъваг1айги.

*КIудада къадаралде щведал, гьесул букIана 105 сон, амма гьеб мехалъги гьесул гIакълу хисун букIинчIо. Гьес абулаан: «Дир лъимал, дида хадур нуж гIодуге, дида хадув хвалил чапар вачIине мехги щун буго. Дир гьари буго нужеда нужеца гьитIиназе рокьи кье, херазул адаб гьабе, къварилъаби рихьани, кверал гIодоре риччаге, захIмалъиялда хадуб бигьалъи камуларо».

* Гьес гIемер такрар гьарулаан гьал рагIаби:

«Квешаб нахъе къазабе,
ЛъикIаб гIагардаги те,
Кванилги адаб гьабе,
«Гьабзаз» кквезеги чIоге».

**М. МухIамадова**

## Телеграфистка Патимат Микаилова



***Микаилова Патимат Микаиловна была участницей Великой Отечественной войны. Она удостоена ордена «Красной звезды», медалей «За Отвагу», «За Боевые заслуги» и «За Победу над Германией».***

Она родилась 01.09.1923 года в крестьянской семье, в селении Ботлих Ботлихского района. Когда началась война, в июле 1941 года добровольно ушла на фронт. Как телеграфистку ее направили в 76-й полк связи 44-й армии.

… За г. Таганрог шли ожесточенные бои. Была прервана связь и Микаилова Патимат вызвалась под шквальным огнем восстановить обрыв. За отличное выполнение боевого задания ее наградили медалью «За боевые заслуги». Выполняя боевое задание, была ранена, лечилась в Ростовском госпитале, где пролежала больше месяца. Не долечившись, без разрешения врачей, она покинула госпиталь и через несколько дней благополучно добралась до своей части и приступила к службе.

21 января 1944 года на поле боя ее приняли в члены партии. В этом же году по болезни Патимат была демобилизована.

В 1946-47 годах руководители Дагестанского республиканского военкомата вручили Микаиловой Патимат Микаиловне еще две медали «За оборону Кавказа» и «За победу над Германией» и орден «Красной звезды».

После окончания высших партийных курсов, Патимат Микаилова работала на руководящих должностях в Дагпотребсоюзе ДАССР, была делегатом различных съездов в г. Москве.

Патимат Микаилова ушла из жизни 21 декабря 1985 года, похоронена в г. Махачкала.

Муж Патимат Микаиловой **Гунашев Гаджи Гунашевич,** уроженец с. Ругуджа Гунибского района был участником Великой Отечечественной войны, оборонял город



Керчь, несколько месяцев сражался в Аджимушкайских каменоломнях в Крыму. Попал в плен, удачно бежал из плена и воевал в Греческом сопротивлении. По его дневнику написана книга о нем и его товарищах, сражавшихся в Аджимушкайских каменоломнях в Крыму.

Умер в январе 1985 года, похоронен в г. Махачкале.

# ОТ ВОЛГИ ДО ЭЛЬБЫ



Абакар Окиев - уроженец села Ботлих Ботлихского района Даг.АССР. Активный участник Великой Отечественной Войны. Боевой путь начал в Сталинграде, потом были многочисленные бои и битвы за Ростов на Дону, Курск, Бобруйск, участвовал в освобождении Польши и Германии, дошел до реки Эльба, где бойцы и командиры Красной Армии встретились с союзной армией Великобритании.

После окончания войны Абакар Окиев служил в Германии.

За боевые подвиги удостоен ордена «Красной звезды», медалей «За отвагу», «За победу над Германией», имеет 10 благодарностей от Верховного командования.

Абакар Окиев скончался 1986 году. Похоронен в сел. Ботлих.

**Мадина М.**

# *КЪЕДА БАРАБ СУРАТ*



КIудияб ВатIанияб Рагъул ветеран Болъихъа ГIабдулаев ХIасанил хIакъалъулъ цIехезе дун ана гьесул ясалъухъе. ПатIиматил рокъое жание лъугьарабго дир бер речIчIана къададасан дихъ балагьун вугев куц-мухъги бугев, шапакъатаз керен цIезабурав ва рагъухъанасул ретIел ретIарав чиясул сураталда. Гьеб букIана ХIасанил сурат.

Жиндирго эмен ПатIиматие цIакъ хирияв вукIана. Гьелъ гьадин бицана:

« Дир эмен вукIана гьоркьохъеб лагаялъул, гъункараб черхалъул чи. Гьесие цIакъ бокьулаан рагъухъанасул формаялъул рет1ел, кителалда бавухъе бук1унаан «БагIараб цIва - ялъул» орденги.

Эмен гьавун вуго 1909 соналъ. Гьесул эмен вукIун раг1ула гIелму кодоб бугев чи, амма кинабалиго гIиллаялъе гIоло пачалихъалъул бутIруз гьев гIолохъанго росулъан нахъе къотIун вуго. Нижер эмен гьитIинго хун йиго гьесул эбелги.

КIудияв гIедал нижер инсуе бокьун буго армиялде ине. Рагъулаб хъулухъ байбихьун гIемер заман иналде байбихьула КIудияб ВатIанияб рагъ. Узухъда, гьелъул кьеразулъе ккана эменги.

Ралъдадасан Прибалтика эркен гьабизе унел рукIарал советиял аскариязде фашистал тIаде кIанцIула вагамидарекIун ругел рагъухъаби тушбабаз асир гьарула. Г1емераб г1акъуба-зах1мат бихьула асирлъуда ругел нилъеразда. Аллагьасул кумекалдалъун инсуеги ва гьесул гьудуласеги хвасарлъизе рес щун буго.

Рагъ байбихьилалде армиялде арав эмен, гьеб лъуг1ун г1езег1ан заман индал гурони тIад вуссунаро. Гьеб заманалъ вуссуна гьев рукъалдеги.

Пенсиялде инег1ан эмен хIалтIана колхозалда гIи-боцIул вехьлъун.

Рагъул хIакъалъулъ рахъарал кино-фильмал рихьидал, инсуда магIу кквезе кIолароан, цIехедал бицунаан живго вагъарал бак1азул ва рагъазул хIакъалъулъ.

Эмен гIумруялдаса ватIалъана 1982 соналъул 22 ноябралда».

**М.МухIамадова**

# ЛЕНИНГРАД СВЕРУН ККВЕЯЛДА МУКЪСАНАБ ЧАДИЛ КЕСЕК («Блокадный хлеб»)



28 январалда райадминистрациялъул минаялда цебе тIобитIана «Блокадный хлеб» абураб Ленинград сверун ккквеялдаса тадбир. Гьеб бачана культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаевалъ.

Жакъа тIолабго Россиялдаго кIодо гьабулеб буго Ленинград эркен гьабураб къо. Абадияб рецц Ленинградалъул бахIарзазе. Абадияб рецц Бергьенлъи босараб халкъалъе. ГIинтIаме Ленинградалъул гьаракьалъухъ, гIинтIаме гьенир хутIараб халкъалъул угьдиялъухъ!»,-янги абулаго Сабринаца рагIи кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе.

Ас-саламу гIалайкум хириял районоял. Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго Ленинградалъул блокада тIаса бахъиялъул 76 сон тIубай. 872 сордо-къоялъ гьеб шагьаралда советхалкъалда бихьараб къо, хIехьезени щиб, бицинегицин бигьаяб иш гуро.

Жакъа нилъ нугIзаллъун руго цо-цо политикалин абулел чагIаца, гьездаго гьорлъ дол жидеда тIаса фашистазул вахIшилъи босарал пачалихъазул церехъабазги Совет Союзалда тIадги бугин кIиабилеб дуньялъул рагъ байбихьиялъул жавабин абулел хIамабагьадурзаби. Амма табицаниги, кинаб гьереси хъураниги нилъеца нилъерго Бергьенлъи чияхъе кьезе гьечIо.

Дир гьари буго гIолеб гIелалда, лъазе гьабе нилъерго тарих гуронани нилъехъан Бергьенлъи бахъизе тIаде лъолезул мурад тIубалин.

Гьезул мурадги буго нилъ мекъи рукIараблъун чIезаби.

Киданиги нилъер пачалихъ чидада тIаде кIанцIичIо. Эбел, ВатIан цIуни букIана умумузул нухги нилъер солдатасул масъалаги.

Абадияб рецц ва баркала щивав





рихалда кидаго кIочонаро доб рагъ ва хисуларо гьелъул хIакъикъат.

Ленинградалда букIана кIигогун бащдаб миллион халкъ, гьездасан накълулъана 1,5 миллион чи. 97% хварасул гIажалалде ккеялъе гIилла букIана ракъи.

Амма сундухъго балагьичIого шагьар цIунун хутIизеги бажарана советияв солдатасда. Лъица щиб рагъул ветеранасе ва хIинкъигьечIеб совет халкъалъе.

Гьелдаса хадуб ракIалде щвезул заниялда цебе тIугьдузул гор лъуна ва лъазабуна минуталъулаб сихIкъотIи.

Ахиралда киналниги тадбиралда гIахьаллъараз хIалбихьана «блокадный» чадил.

**ГI. МухIамадова.**

# *Лучшее чтение произведений дагестанских авторов на родном языке*



На днях , Ботлихском районе на базе МКОУ «Ботлихская средняя общеобразовательная школа№2» прошел муниципальный конкурс на лучшего чтеца произведений дагестанских авторов на родном



языке. Мероприятие прошло под девизом : «И если завтра мой язык исчезнет, то я готов сегодня умереть» (Р.Гамзатов). По словам заместителя начальника УО АМР «Ботлихский район» Джавгарат Сулеймановой основной целью провидение конкурса является популяризация , сохранения и изучения родных языков, поддержки и выявления юных дарований, развития литературно -эстетических способностей учащихся, развития культуры речи учащихся, их языковой компетенции.

К участию в конкурсе были приглашены любители родной словесности учащиеся 11-х классов общеобразовательных организаций. Конкурсанты декломировали наизусть внепрограммные поэтические произведения.

Все участники конкурса продемонстрировали хорошее знание родного языка и мастерство чтения. Члены жюри единогласно присудили первое место ученице 11 класса МКОУ «Ансалтинская СОШ»Рапировой З. Второе место поделили Рашидханова С. – Рахатинская СОШ и Дибирова П – Ботлихская СОШ №2. Третье место присудили Гаджикуеву С– Зиловская СОШ и Ризвановой Н – Шодродинская СОШ .

«Победитель конкурса примет участие на республиканском этапе конкурса, ко-



торый состоится в следующем месяце в г.Махачкале »,-подчеркнула Джавгарат Сулейманова.



**ИНФОРМАЦИЯ**

***О ПОРЯДКЕ ПРИЕМА, РЕГИСТРАЦИИ И РАЗРЕШЕНИЯ В ОМВД РОССИИ ПО БОТЛИХСКОМУ РАЙОНУ ЗАЯВЛЕНИЙ И СООБЩЕНИЙ О ПРЕСТУПЛЕНИЯХ, ОБ АДМИНИСТРАТИВНЫХ ПРАВОНАРУШЕНИЯХ, О ПРОИСШЕСТВИЯХ***

**Инструкция утвержденным приказом МВД России №736 от 29 августа 2014 года устанавливает порядок по приему, регистрации и разрешению в ОМВД России по Ботлихскому району заявлений, сообщений и иной информации о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях.**

**Отдел МВД России по Ботлихскому району осуществляет прием, регистрация и разрешение следующих заявлений:**

**О преступлении - письменное заявление о преступлении, подписанное заявителем; протокол принятия устного заявления о преступлении; заявление о явке с повинной; протокол явки с повинной; рапорт сотрудника органов внутренних дел Российской Федерации об обнаружении признаков преступления; материалы, которые направлены налоговыми органами в соответствии с законодательством Российской Федерации о налогах и сборах для решения вопроса о возбуждении уголовного дела; постановление прокурора о направлении соответствующих материалов в орган предварительного расследования для решения вопроса об уголовном преследовании; поручение прокурора (руководителя следственного органа) о проведении проверки по сообщению о преступлении, распространенному в средствах массовой информации; заявление потерпевшего или его законного представителя по уголовному делу частного обвинения; анонимное (без указания фамилии заявителя или почтового либо электронного адреса, по которому должен быть направлен ответ) заявление, содержащее данные о признаках совершенного или готовящегося террористического акта.**

**Об административном правонарушении - письменное заявление, в котором содержатся сведения, указывающие на наличие события административного правонарушения; рапорт сотрудника органов внутренних дел, в котором содержатся сведения, указывающие на наличие события административного правонарушения.**

**О происшествии - письменное заявление о событиях, угрожающих личной или общественной безопасности, в том числе о несчастных случаях, дорожно-транспортных происшествиях, авариях, катастрофах, чрезвычайных происшествиях, массовых отравлениях людей, стихийных бедствиях, в отношении которых требуется проведение проверочных действий с целью обнаружения возможных признаков преступления или административного правонарушения.**

**Круглосуточный прием заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях осуществляется оперативным дежурным отдела.**

**Заявления о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях, содержащиеся в письменных обращениях заявителей, направленных посредством операторов почтовой связи с доставкой письменной корреспонденции в здание отдела, официальных сайтов, факсимильной связи, федеральной фельдъегерской связи и специальной связи, почтового ящика, полученных в ходе личного приема, принимаются подразделением делопроизводства и режима отдела, регистрируются в установленном порядке и направляются начальником отдела в дежурную часть для незамедлительной регистрации в КУСП.**

**Регистрация в КУСП заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях осуществляется независимо от территории оперативного обслуживания незамедлительно и круглосуточно в дежурной части отдела.**

**Заявитель расписывается за получение талона-уведомления на талоне-корешке, проставляет дату и время получения талона-уведомления.**

**По результатам рассмотрения заявлений (сообщений) о преступлениях, об административных правонарушениях и происшествиях принимается одно из следующих решений:**

**О возбуждении уголовного дела.**

**Об отказе в возбуждении уголовного дела.**

**О передаче заявления о преступлении по подследственности или заявления по подсудности в суд по делам частного обвинения.**

**О возбуждении дела об административном правонарушении.**

**О вынесении определения об отказе в возбуждении дела об административном правонарушении.**

**О передаче заявления о происшествии по подведомственности.**

**О передаче заявления (сообщения) о происшествии в иной территориальный орган МВД России по территориальности.**

**О приобщении заявления (сообщения) о происшествии к материалам ранее зарегистрированного сообщения о том же происшествии.**

**О приобщении заявления о происшествии к материалам специального номенклатурного дела.**

**О передаче заявления в подразделение делопроизводства и режима.**

**Принятые в дежурной части по телефону сообщения, не содержащие информацию о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии, рассмотрению в порядке, предусмотренном настоящей Инструкцией, не подлежат. Такие сообщения приобщаются к номенклатурному делу, прилагаемому к КУСП, на основании рапорта оперативного дежурного дежурной части по решению начальника отдела. О принятом решении, а также о возможности обратиться в территориальный орган МВД России письменно или в форме электронного документа в порядке, установленном Федеральным законом от 2 мая 2006 г. N 59-ФЗ, абонент уведомляется в соответствии с настоящей Инструкции.**

**Сотрудник отдела, проводивший проверку по заявлению (сообщению) о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии, должен в кратчайший срок, но не позднее, чем до истечения 24 часов с момента принятия решения, проинформировать о нем оперативного дежурного дежурной части для обеспечения своевременного заполнения КУСП, а также представить оперативному дежурному копию решения.**

**Информация о решениях по заявлениям и сообщениям о преступлениях, об административных правонарушениях, настоящей Инструкции, в течение 24 часов с момента их принятия направляется заявителю в письменной форме или в форме электронного документа. В КУСП делается соответствующая отметка с указанием даты и исходящего номера письма, а также способа информирования (вручение под расписку, направление посредством почтовой связи, факсимильным или электронным видами связи). При этом заявителю разъясняется его право обжаловать данное решение и порядок его обжалования.**

## Сведения о начальнике ОМВД России по Ботлихскому району, его заместителях, а также о руководителях его структурных подразделений

| Должность | Специальное звание | Фамилия, имя и отчество | Рабочий телефон |
|---|---|---|---|
| Начальник ОМВД | подполковник полиции | Магомедов Магомед Имамагомедович | 8(87271)22029 99-65-89 |
| Начальник полиции | подполковник полиции | Алиханов Дайтбег Магомедович | 8(87271)22413 99-65-85 |
| Начальник Штаба | подполковник внутренней службы | Айгубов Айгуб Магомедович | 99-65-87 |
| Помощник начальника по РЛС | майор внутренней службы | Магомедов Арсен Магомедович | 8(87271)22003 |
| Начальник тыла | подполковник внутренней службы | Алидибиров Тайпур Халидович | 8(87271)22264 99-65-83 |
| Дежурная часть ОМВД РФ | | | 8(87271)22032 99-48-30 |

Номера телефонов и почтовые адреса должностных лиц, которым могут быть обжалованы действия, связанные с приемом или отказом в приеме заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях.

| Должность | Фамилия, имя и отчество | Рабочий телефон и почтовый адрес |
|---|---|---|
| Начальник ОМВД | Магомедов Магомед Имамагомедович | 8 (87271) 2-20-29, 99-65-89 с.Ботлих, Ботлихский район РД |
| Прокурор Ботлихского района | Джабраилов Джамал Алхасович | 8 (87271) 2-20-18 с.Ботлих, Ботлихский район РД |
| Дежурная часть МВД по РД | | 8 (8722) 99-40-05, 99-42-07 г.Махачкала, пр-т Р.Гамзатова 7 367012, сайт: 05.mvd.ru |

Примечание: Телефонные номера, начинающие на 99, набираются с мобильных телефонов без телефонных кодов.

Штаб ОМВД

## ИНФОРМАЦИЯ БОТЛИХСКОГО ФИЛИАЛА ТФОМС РД ПО ПОЛИСАМ ОБЯЗАТЕЛЬНОГО МЕДИЦИНСКОГО СТРАХОВАНИЯ

***На территории Республики Дагестан ранее работали две страховые медицинские организации: АО «МАКС-М» и ООО ВТБ МЕДИЦИНСКОЕ СТРАХОВАНИЕ.***

***Однако с 01.01.2020 г. в связи с прекращением действия договора о финансовом обеспечении Дагестанский филиал ООО ВТБ МЕДИЦИНСКОЕ СТРАХОВАНИЕ прекратил свою деятельность и застрахованным в этой компании необходимо произвести замену страховой медицинской организации.***

***В соответствии с Федеральным законом «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» от 29.11.2010 г. №326-ФЗ и Приказом Минздрава России «Об утверждении Правил обязательного медицинского страхования» от 28.02.2019 г. №108н, каждый гражданин имеет право самостоятельно осуществить выбор страховой компании и получить полис обязательного медицинского страхования единого образца.***

***Правилами ОБЯЗАТЕЛЬНОГО МЕДИЦИНСКОГО СТРАХОВАНИЯ определён порядок выдачи полиса обязательного медицинского страхования застрахованному лицу и перечень необходимых для оформления документов:***

***– для граждан Российской Федерации в возрасте 18 лет и старше: паспорт и СНИЛС;***

***– для граждан Российской Федерации в возрасте от 14 до 18 лет: паспорт и СНИЛС, документ, подтверждающий полномочия законного представителя (обязательно присутствие законного представителя);***

***– для детей до 14 лет: свидетельство о рождении, СНИЛС, документ, подтверждающий полномочия законного представителя (обязательно присутствие законного представителя).***

***Иногда гражданину в силу обстоятельств приходится менять страховую компанию. Замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, вправе осуществлять один раз в течение календарного года не позднее 1 ноября, либо чаще в случае изменения места жительства (за исключением случаев переезда на новое место жительства в пределах одного субъекта Российской Федерации) или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования путём подачи заявления во вновь выбранную страховую медицинскую организацию. Позаботьтесь о получении или замене полиса ОМС своевременно. Без него человек становится уязвимым перед болезнью, не может получить медицинскую помощь бесплатно, а лечиться в дорогих медицинских центрах часто не позволяет финансовое положение больного.***

***Для того, чтобы эта акция (замена страховой медицинской компании) прошла организованно и спокойно, филиал АО «МАКС-М» в с. Ботлих открывает свои пункты выдачи полисов ОБЯЗАТЕЛЬНОГО МЕДИЦИНСКОГО СТРАХОВАНИЯ. Кроме того, обменом полисов будут заниматься и МФЦ. Сам процесс замены проходит быстрее, чем получение нового полиса.***

***Для этого надо обратиться в пункт выдачи полисов страховой компании или в МФЦ, имея при себе:***

***– для граждан Российской Федерации в возрасте 18 лет и старше: паспорт, СНИЛС и полис ОМС;***

***– для граждан Российской Федерации в возрасте от 14 до 18 лет: паспорт, СНИЛС, полис ОМС, документ, подтверждающий полномочия законного представителя (обязательно присутствие законного представителя);***

***– для детей до 14 лет свидетельство о рождении, СНИЛС, полис ОМС, документ, подтверждающий полномочия законного представителя (обязательно присутствие законного представителя).***

***Оператор сверит данные застрахованного, оформит заявление на замену полиса, поставит на него печать новой страховой компании и всё.***

***За получением или заменой пластиковой карточки гражданину, на которого оформляется пластиковая карточка, надо обратиться в страховую компанию. Доверенное лицо не может получить полис, так как нужна электронная подпись и фото. При обращении в МФЦ могут возникнуть проблемы, поскольку в государственных органах отсутствуют технические возможности для оформления пластиковых карт.***

***При возникновении вопросов вы можете обратиться в Ботлихский филиал ТФОМС РД по адресу с. Ботлих (микрорайон), ул. Свободы 2.***

**Главный специалист-эксперт (ЗПЗ) Ботлихского филиала ТФОМСРД Болачов Блач Д.**

---

1978 соналъ Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ Багьадурова ПатIимат ХIажимухIамадовналъул цIаралда кьураб аттестат №135704 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

---

1992 соналъ Чанхъо СОШалъ Рашидов Мурад Шамхаловичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат №100145 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**


**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул бакIалда:**
М-Р. ГъазимухIамадов

**Отделалъул редакторал:**
П. Дибирова
ГI. ГъазимухIамадов

**Мухбирзаби:**
З.МухIамадова
Х. Хасаймирзаев
М. МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 3I мая 20I7 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 0038I**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 6I**
**Тираж -550**
**Индекс-5I349**

*Заказ №_____*